


## Lòt Avantaj pou Patwon yo

To renouvèlman anplwaye ki pi ba— gen plis chans pou anplwaye ki andikape yo vin travay, ominimòm, menm lè avèk lòt anplwaye yo oswa pi souvan pase yo. Yo gen tandans pou yo fidèl ak patwon yo epi rete nan pòs yo pandan plizyè lane.

Diminye nan kòb konpayi a depanse— kidonk, patwon yo kapab diminye kòb y ap depanse pou fòm anplwaye yo.

Konstui yon nouvo mache oswa yon nouvo kliyantèl— kliyan yo gen tandans pou yo frekante oswa pou yo kliyan biznis ki reflete yo. Rekrite anplwaye ki andikape yo pral bay patwon yo plis kliyan.

## APD Regional Map



**Ajans pou Moun Andikape**  
**1-866-APD-CARES (1-866-273-2273)**  
**(850) 488-4257**  
**apdcare.org**



## Amelyore Sa Ki Pi Enpòtan Pou Ou

Rekrite anplwaye ki andikape yo bon pou biznis

# Kiyès Nou Ye epi Kijan Nou Kapab Ede Biznis Ou An?

Ajans pou Moun Andikape (Agency for Persons with Disabilities, APD) travay nan patenarya avèk kominote ak biznis lokal yo pou l ede moun ki gen andikap devlopmantral yo jwenn yon travay ki konpetitif. N ap fè gwo zefò pou n ede biznis yo bouche vid yo genyen nan zafè bay travay gras ak estraji inovan k ap kreye kilti travay k ap pote fwi pou moun ki andikape yo.

*De (2) kalite pèsonèl ki pi enpòtan patwon yo di y ap chèche yo se: pou anplwaye a fyab epi serye*

*Fason anplwaye ki andikape yo ye satisfè oswa d atant patwon yo genyen pou de kalite sa yo*



## Kisa Sipò Nan Travay Ye?

Sipò nan travay se yon fason pou ede moun ki gen gwo andikap yo jwenn epi kenbe yon travay ki konpetitif pou yo pa konte sou moun pou ba yo lajan. Yon espesyalis nan zafè travay fasilite fòmasyon, abitud travay epi li ankouraje anplwaye a pou li motive epi pou l bay ranman. Patwon an pa peye anyen pou sèvis sipò nan travay yo.

**Ankourajman Fiskal Federal pou Biznis yo:**  
Kredi Enpo pou Opòtinite Travay (Work Opportunity Tax Credit, WOTC):

Li ankouraje patwon yo rekrute plizyè gwoup moun yo vize k ap chèche travay nan redui obligasyon fiskal federal patwon yo.

## Dediksyon Fiskal sou Achitekti/sou Transpò

Gen yon dediksyon anyèl jiska \$15,000 ki disponib pou biznis yo, nenpòt gwosè yo ye a, pou depanse yo fè pou retire baryè pou moun ki andikape yo.

## Kredi Enpo pou Ti Biznis:

Ti biznis ki gen yon revni \$1 milyon oswa mwens oubyen 30 oswa mwens anplwaye k ap travay atanplen ka pran

yon kredi enpo ki kapab rive jiska \$5,000 chak ane pou depans yo fè pou bay amenajman ki rezonab.

## N ap Ede Patwon yo Divèsifye Aniwònman Travay la

Etid ki fèt yo montre lè yo rekrute moun ki andikape yo, sa kapab lakòz nivo ranman konpayi an ogmante, sa kapab kreye pi bon solisyon epi bay patwon yo yon avantaj konkiransyèl.